

# 25 out

**A la bèl sa bèl lè ou wè w sou mòn yo k ap kouri pote bòn nouvèl k ap bay kè poze a ! L ap fè konnen delivrans Bondye a.** Ezayi 52. 7

**Men kisa renmen an ye : Se pa nou menm ki te renmen Bondye, se li menm pito ki te renmen nou, ki te voye Pitit li a pou nou te ka resevwa padon pou peche nou yo, grenmesi Pitit la.** 1 Jan 4. 10

## **Bèlte ki delivre a**

Nan yonn nan woman l yo, ekriyen ris Dostoïevski mete nan bouch youn nan pèsonaj li yo fraz sa a, ki vin selèb : “bèlte a pral sove monn nan”. Men, ki bèlte ki pral sove nou an ? Èske se bèlte talan ak abiltè nan divès disiplin ak divès mòd nan monn sa a, ki pral sove nou ? Bèlte sa a y ap pale a ap detounen atansyon nou sou bèlte esansyèl lavi a.

Nou ka konnen bèlte nati a : admirasyon yon peyizaj anba nèj, flè yo ak tout koulè yo, bèlte melodi zwazo yo k ap chante nan forè yo, bèl vizaj timoun ki alèz... Manifestasyon bèl bagay sa yo k ap fè nou sonje kreyatè a, li menm ki se sous bèlte a. Bagay sa yo pouse n chache l pou nou konnen li, e nou jwenn li kòm Bondye kreyatè a. Nou kapab rele byen fò tankou pwofèt la : “Se pa ti gran bonte li gran ! e se pa ti bèl bèlte li bèl !” (Zakari 9. 17).

Bèlte sa a ki sove nou an, se bèlte lanmou Bondye ki pwouve l sou kwa a. La nou gen rekonesans nou adore sila ki pi bèl pase tout pitit lèzòm (Sòm 45. 2), Jezi, Pitit Bondye a, mouri pou peche nou yo. Men li resisite, e grasa lafwa, nou wè li kòm “wa nan bèlte” (Ezayi 33. 17).

*Devan twòn Papa a – kote fòtèy majèste a,  
Je nou, Senyè, ap gade – bèlte ou ki atire nou.  
Glwa ki kouwone ou – nan esplandè divin ou,  
Li klere nou e ranpli n ak jwa – jis anndan kè nou.*

# 25 août

**Combien sont beaux sur les montagnes les pieds de celui qui apporte de bonnes nouvelles, qui annonce la paix, qui apporte des nouvelles de bonheur, qui annonce le salut !** Ésaïe 52. 7

**En ceci est l'amour : non en ce que nous, nous avons aimé Dieu, mais en ce que lui nous aime et qu'il envoya son Fils pour être la propitiation pour nos péchés.**

1 Jean 4. 10

## **La beauté qui sauve**

Dans l'un de ses romans, l'écrivain russe Dostoïevski met dans la bouche de l'un des personnages cette phrase devenue célèbre : "La beauté sauvera le monde". Mais quelle est cette beauté qui peut nous sauver ? Est-ce celle du monde de l'art, de la mode ? Cette beauté nous distrait de ce qui est la beauté essentielle de la vie.

Nous pouvons reconnaître la beauté de la nature : l'éblouissement d'un paysage sous la neige, les fleurs et leur palette de couleurs, la mélodie des chants d'oiseaux dans la forêt, des visages d'enfants heureux... Ces manifestations de beauté élèvent nos pensées vers le Créateur qui en est la source. Elles nous poussent à chercher à le connaître, et nous le trouverons comme le Dieu Sauveur. Nous pourrions alors nous écrier comme le prophète : "Combien grande est sa bonté ! et combien grande est sa beauté !" (Zacharie 9. 17).

Cette beauté qui nous sauve, c'est la beauté de l'amour de Dieu démontré à la croix. Là nous reconnaissons et nous adorons Celui qui est "plus beau que les fils des hommes" (Psaume 45. 2), Jésus, le Fils de Dieu, mourant pour nos péchés. Mais il est ressuscité, et par la foi, déjà nous le voyons comme "le roi dans sa beauté" (Ésaïe 33. 17).

*Devant le trône du Père – Où siège la Majesté,  
Notre œil, Seigneur, considère – Ta ravissante beauté.  
La gloire qui te couronne – Dans sa divine splendeur,  
Nous illumine et rayonne – Jusqu'au fond de notre cœur.*